Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъицье,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 42 (6562) 21 август 2017 с. Итни ЗулкъагIида 1438 с. Багьа 5 гъур.




СИЯСАТ

# ХIажимурад МухIамадов: «Аслияллъун рикIкIуна ракIбацIцIалъи, ритIухълъи, рагIи кквей...»

### Бакълъулазул районалъул бетIерлъун вищана олимпиялъул чемпион

**2017 соналъул 15 августалда Гумбет районалъул администрациялда тIобитIана районалъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб гуреб сессия. Сессиялъул аслияб суал букIана Бакълъулазул мухъалъул бетIер вищи.**

Конкурсалъулаб комиссиялъ районалъул бетIерасул хъулухъалде гIахьаллъи гьабизе виччана кIиго кандидат.

Районалъул Собраниялъул депутатазул сессиялда кIалъазе рахъарал **АхIмад ХIамзатовас, Пахрудин ГIалихIажиевас, МухIамад ДибирхIажиевас ва ХIажи Башировас** депутатал ахIана ХIажимурад МухIамадовасе гьаркьал кьезе. ХIажимурад МухIамадовасул кандидатура депутатаз киназго къабул гьабуна ва гьесие гьаркьал кьуна. Гьесда цIияб хъулухъ баркана районалъул Собраниялъул нухмалъулев МухтарахIмад АхIмадовас ва депутатаз.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерлъун вищарав ХIажимурад МухIамадовас кIудияб баркала загьир гьабуна жинде гьабураб божилъиялъухъ ва рагIи кьуна Дагъистан ва район церетIезариялъе жинда бажарарабщинаб гьабизе.



«Дагъистан Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас цIияб хIалтIуда дир рахъкквезе бугилан абиялъ ва шайих АхIмад-хIажи ГIабдулаевас лъикIаб вагIзаялдалъун тIовитIиялъ, дир хIукму ккана, нужеца диде божилъи гьабуни, гIагараб районалде хIалтIи гьабизе вачIине.

Дирго хIалтIулъ аслияллъун дица рикIкIуна ракIбацIцIалъи, ритIухълъи, гIадамазухъ гIенекки, кьураб рагIи кквей. Бажарухъе районалъул гIадамазул гIумру-яшав цебетIезабизе, гIуцIизе нигатгун вачIун вуго дун. Церехун районалъе бетIерлъи гьабурал нухмалъулезул лъикIал ишал ва бакълъулазул сахал хасиятал кIочон тезе бегьуларо. Бакълъулазул ракь социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъулъ хасго кIудияб бутIа лъуна Дагъистаналъул парламенталъул тIоцевесев вице-спикер, 2001-2011 соназда Гумбет районалъе бетIерлъи гьабурав СайгидахIмад АхIмадовас. Гумбет район республикаялда церетIурал районазда гьоркьоб букIиналъе цадахъ лъугьун хIалтIизе ккола нилъ», – ян абуна Бакълъулазул районалъул бетIерлъун вищун хадув депутатазда ва районалъул хIалтIухъабазда цеве кIалъазе вахъарав ХIажимурад МухIамадовас.

Бакълъулазул мухъ хадубккунги цебетIезабиялъе гIумруялде рахъинаризе хIисабалде росарал ишал, программаби ва проектал рилълъанхъизариялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе бугилан абуна районалъул росабазул вакилзабаз ва идарабазул хIалтIухъабаз.

**ГIизудинил ХIамзат**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

**Решение**

**15. 08. 2017 г.** **№23**

### Об избрании главы муниципального района «Гумбетовский район»

**В соответствии со ст. 36 Федерального закона от 16.10.2003г. №131-ФЗ «Об общих принципах организации самоуправления в Российской Федерации», Республики Дагестан от 04.12.2015г. №112 «Об организации местного самоуправления в Республике Дагестан» и Устава муниципального района «Гумбетовский район», Собрание депутатов МР «Гумбетовский район»**

**Решило:**

**Главой муниципального района «Гумбетовский район» считать избранным Магомедова Хаджимурада Сайгидмагомедовича.**

**Председатель Собрания депутатов М. Ахмедов**

НОМЕРАЛДА РУГО:


**ГьитIинаб тоннелалъул кIудияб квалквал**



- 2 гьум.

**Гумбет районалъул бетIер дандчIвана Гъоркь Инхо росдал гIадамалгун**



-2 гьум.

**1389 тонна тIощалил ва 9398 тонна харил**



- 3 гьум.

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# ГьитIинаб тоннелалъул кIудияб квалквал

### Бащдаб миллион чиясда хъатIулеб суал

**МоцIидасаги цIикIкIун заман бана Генуб росдада аскIоб бугеб чанго нусго метралъул халалъи гурони гьечIеб тоннель къачIазе байбихьаралдаса. КIиябго кIалтIа светофорги лъун, тоннелалда жанисан цо рахъа-лъул нухалъ гурони машинаби риччалел гьечIо.** гьечIо. Сулахъ гIоралда тIасан бугеб кьо къачIалаго, Гьизилюрталда аскIоб букIараб хIалкъайги, сабру гьечIолъиги, ахIи-хIурги нилъеда лъала.

Нухазул тема, кин бугониги, аслиязул цоябльун буго Дагъистаналда. Гьеб суалалъ «Миллат» газеталде гIемер кIалъан рачIуна ва хъвадарула





**Къараб рахъалда гьабилан абизе гьабураб хIалтIиги гьечIо. Бащдаб миллионалдасаги цIикIкIун чи хьвадулеб нух гьедин кIвар кьечIого щай тарабали бичIчIуларо. АнцI-анцI машинабазул читIир лъугьуна гьениб гIемер, сабру лъугIарал нухлулаз машинаби цере кIанцIизарула, дагIба-рагIи ккола, рохалилаб яги пашманаб ишалъ гIедегIарал чагIи кватIула. Гьаб суал хехго ялъуни батIайиса тIубазе ресго гьечIодай?**

Масала, Генуб росулъан хьвадулаан цере машинаби. Гьанже гьеб машгьураб росуги сверун ккун чIезабун буго, киналго рахъазда хъаравулзабиги блок-посталги лъун. Тоннель къачIазегIан, гьенисан хьвадизе бегьилаан машинаби. ГIададазул ва чанго районалъул цебетIеялъул ургъел батани, гьеб тоннель къачIаялъул хIалтIаби щай дагьал хехго рагIалде рахьинаризе бегьуларел? «Балъго-гIатIго» гьенир хIалтIулел ратани, лъаларо, амма берда бихьулеб шурахъури гьеб бакIалда гьечIо.

Дагъистаналда нухал гьариялъе, хьил тIеялъе кIудияб хIалтIи гьабулеб буго, амма гIоларел рахъалги камулел гIадамал.

Масала, коляскаялда гурони хьвадизе бажарулерев сакъатав чи МухIамад ГIалиевас хитIаб гьабулеб буго жиндица гIумру гьабулеб минаялда аскIоб бугеб нух, гвендазул цIун, цIакъго квеш бугилан, гьенибе чабхил цIураб машинагIаги чIехьезе бегьуларищилан суал лъолеб буго гьев гражданинас. Гьединго гьеб нух къачIачIолъиялъ аскIоб бугеб гьес гIумру гьабулеб минаялъеги къварилъи кколеб бугин гIарз буго ГIалиевасул, машинаби квеш хьвадиялъул хIасилалда. ГIалиев яшав гьабун вуго Хунзахъ районалъул ГIарани росулъ. Гьев ккола Сивухъ росулъа чи, нухда ккараб авариялдаса хадув сакъатго хутIарав.

Унтаразде, щокъазде, язихъазде, загIипазде бугеб бербалагьиялдалъун кьола бокьараб жамгIияталъе, росдае, районалъе ва улкаялъе кьимат. «Мун гьитIинав чиясде гурхIел бугевлъун вукIа», - ян хъвана авар адабияталъул классик Инхоса ГIали-хIажияс. РекIаразда лъелалги рихьун гIумру тIамизе тавпикъ кьеги нилъее. Амин.

**ГIизудинил ХIамзат**

ТАРИХ

# 22 август – Россиялъул Федерациялъул Пачалихъияб байрахъалъул къо

**Россиялда щибаб соналъул 22 августалда кIодо гьабула Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб байрахъалъул къо. Гьеб чIезабуна 1994 соналъул 20 августалда Россиялъул Федерациялъул Президентасул № 1714 Указалдалъун.**

1991 соналъул 22 августалда Москваялда «ХъахIаб рукъалда» тIад борхана лъабго батIияб къералъул байрахъ, нилъгун квартIаялъул гIаламатгун букIараб багIараб байрахъги хисун. Гьеб къоялъ РСФСРалъул Верховный Советалъул сессиялда хIукму гьабуна хъахIаб, хъахIилаб, багIараб, чIва бугеб байрахъ Россиялъул хасаб миллияб байрахълъун рикIкIине.

ТIоцебе хъахIаб – хъахIилаб – багIараб чIваби ругеб байрахъ борхун букIана Алексей Михайловичас ханлъи гьабулеб заманалда «ЦIум» абураб рагъулаб гамаялда, Голландиялъул инженер Давид Бутлерица 1668 соналъ.

ХъахIаб кьералъ – жахIдахIусуд гьечIолъиялъул, къадру букIиналъул, хъахIилалъ – ракIбацIцIалъиялъул, багIаралъ – хIинкъи гьечIолъиялъул ва гIаданлъиялъул гIаламатал загьир гьарула.

ТIИБ

# Гумбет районалда тIобитIана санитариябгун рахунел унтабазда данде чIараб комиссиялъул данделъи

**2017 соналъул 14 августалда Гумбет районалда тIобитIана рахунел унтабазда данде чIараб комиссиялъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна «Муниципалитеталъул территориялда туберкулез ва цогидалги рахунел унтаби тIиритIичIого рукIиналъе гьаризесел тадбиразул хIакъалъулъ» суал.**

Данделъи бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.** Гьоркьоб лъураб суалалда хурхун кIалъазе рахъана районалъул централияб больницаялъул бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадов,** поликлиникаялъул нухмалъулев **ХIадис ГIалиев,** врач-фтизиатр **Халисат ГIалиева.**

Данделъиялда гIахьаллъана комиссиялъул членал: районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев **ХIусен Мутаев,** информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулев **ХIамзат ГIизудинов.**

Рахунел унтаби тIиритIичIого рукIиналъе гIоло гьабулеб къеркьей кутаклъизабиялде балагьараб хIукмуги къабул гьабуна данделъиялда.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# Гумбет районалъул бетIер дандчIвана Гъоркь Инхо росдал гIадамалгун

**11 августалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадов хIалтIулаб сапаралъ ана Гъоркь Инхо росулъе. Гьесда цадахъ рукIана районалъул администрациялъул хIалтIухъаби, учреждениязул, гIуцIабазул бутIрул.**

Гъоркь Инхо росдал гIадамалгун дандчIваялда рорхана росдада жанисел нухал къачIаялда, гьекъолеб лъималдалъун хьезариялда, футбол хIалеб гьитIинаб байдан тIубанго лъугIизабиялда, спортзалалъе ремонт гьабиялда, спортзал эркенаб гугариялъе спортсменал ругьунлъиялъе тIадеги бакI бан гIатIид гьабиялда, росдае цIа свинабулеб машина къезе ккеялда хурхарал ва цогидалги суалал.

Районалъул бетIерас халгьабуна росдада жанисел нухазул, лъедалъун, электроэнергиялдалъун хьезариялъул бугеб хIалалъул. ДандчIваялда гьоркьор лъуна росдал социалияб-гун экономикияб цебетIеялда, «Село Нижнее Инхо» росдал поселениялъул администрацияги «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрацияги цадахъ рекъон хIалтIиялъул мунпагIат цIикIкIараб букIиналда хурхарал суалал.

Хадув районалъул бетIер щвана участковияб больницаялде, гьоркьохъеб школалде, гьабуна гара-чIвари медицинаялъул хIалтIухъабазулгун, мугIалимзабазулгун. Спортивияб залалде, футбол хIалеб гьитIинаб байданалде щун хадуб, ХIажимурад МухIамадовас районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъабазе дандрекъон кколел тIадкъаял къуна спортзал тIаде бакI бан гIатIид гьабиялъул ва ремонт гьабиялъул суалал гIумруялде рахьинареян.



Ахиралда ХIажимурад МухIамадовас дандчIваялда гIахьаллъаразе баркала кьуна ва абуна Гъоркь Инхо росдал гIадамаз рорхарал суалал жиндир хъаравуллъиялда рукIине ругин. КIалъазе рахъарал гъоркь инхдерица жидер гьабулеб тIалаб-агъазалъухъ баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъиялъе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# Росдал библиотека къачIана

**Килалъ росдал библиотекаялда гьаруна ремонталъулал хIалтIаби.**

Росдал библиотекаялъул нухмалъулей Гьумайзат Запировалъ жиндирго харжалги гьарун, гIодоб ламинат ккуна, киналго къадал хъахI гьарун рохьана. Гьелъул хIаракат бихьун росдал администрациялъги кьуна гьенибе щуазарго гъурущ ва тIаде босана библиотекаялда цебе бакI берцинго кафель ккун къачIазе.

**Исрапил Заирбегов**

ЦIАДАСА ХIАМЗАТИЛ 140 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# «ГIумруялъул дарсал»

**9 августалда Килалъ росдал маданияб централда тIобитIана поэзиялъул вечер «ГIумруялъул дарсал» абураб цIаралда гьоркь авар поэзиялъул классик ЦIадаса ХIамзат гьавуралдаса 140 сон тIубаялъул хIурматалда.**

Вечер рагьана ЦIадаса ХIамзатил кечIги цIалун Зайнап Заирбеговалъ.

ХIамзатил гIумруялъул ва творчествоялъул бицана маданияб централъул нухмалъулев Исрапил Заирбеговас.

ХIамзатил «ГIумруялъул дарсал» поэма цIалана росдал библиотекаялъул нухмалъулей Гьумайзат Запировалъ. Вечералде рачIун рукIана цIалдохъаби, гьез цIалана ЦIадаса ХIамзатил асарал.

**Исрапил Заирбегов**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения

**Решение № 2**

**11 августа 2017 года** **с. Шабдух**

**О делегировании (избрании) депутата сельского поселения «Сельсовет "Цунди- Шабдухский"» в состав Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район»**

**В соответствии со ст. 35 Федерального закона от 6.10.2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Закона Республики Дагестан от 8 декабря 2015 года № 117 «О некоторых вопросах организации местного самоуправления в Республике Дагестан» и на основании Устава муниципального района «Гумбетовский район» Республики Дагестан, Устава сельского поселения «Сельсовет "Цунди-Шабдухский"» муниципального района «Гумбетовский район» Республики Дагестан, Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет "Цунди- Шабдухский"» решило:**

1.Считать делегированным (избранным) в состав Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район» от Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет "Цунди- Шабдухский"» депутата Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет "Цунди- Шабдухский"» Алигаджиева Пахрудина Абубакаровича избранного по Цунди- Шабдухскому двухмандатному избирательному округу № 0300.

2. Настоящее решение направить в Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район».

3. Настоящее решение подлежит опубликованию в районной газете «Гумбет» и размещению на официальном сайте администрации сельского поселения «Сельсовет "Цунди- Шабдухский"».

**Глава**
**сельского поселения**
**А. Н. Набигулаев**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# «Личный кабинет налогоплательщика индивидуального предпринимателя»

**Межрайонная инспекция ФНС России № 12 по Республике Дагестан сообщает о вводе в промышленную эксплуатацию мобильных приложений для интерактивного сервиса «Личный кабинет налогоплательщика индивидуального предпринимателя для операционных систем iOS и Android и их функциональных возможностях.**

Указанное выше мобильное приложение сервиса «Личный кабинет налогоплательщика индивидуального предпринимателя» создано для платформ iOS и Андроид и доступно для скачивания в магазинах приложений AppStore и GooglePlay, а также на официальном сайте ФНС России на странице сервиса «Личный кабинет налогоплательщика индивидуального предпринимателя».

Авторизоваться в мобильном приложении можно с помощью того же логина и пароля, что используются для входа в сервис «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц».

Мобильное приложение «Личного кабинета индивидуального предпринимателя» позволяет пользователю:

•получать выписку из ЕГРИП в отношении самого себя, а также сведения обо всех постановках на учет в налоговых органах;

•получать актуальную информацию о налоговой задолженности, суммах начисленных и уплаченных налоговых платежей, наличии переплат, решениях налоговых органов о зачете и возврате излишне уплаченных (излишне взысканных) сумм, об урегулированной задолженности, о неисполненных налогоплательщиком требованиях на уплату налога и других обязательных платежей, мерах принудительного взыскания задолженности.

Также в мобильном приложении индивидуальный предприниматель может просматривать сведения о применяемой системе налогообложения, о ККТ, отслеживать информацию о прохождении своих документов и многое другое.

**Набиев М. Ш,**
**начальник межрайонной инспекции ФНС России № 12 по Республике Дагестан, советник государственной гражданской службы РФ 1 класса**

РЕАЛЬНО ПОСТУПИТЬ И АКТУАЛЬНО УЧИТЬСЯ

# Кто хочет быть успешным в жизни и профессии, мы приглашаем учиться в наш «Гуманитарно-многопрофильный колледж»

**Сроки приема документов:**

Прием документов осуществляется по очной форме обучения с 20 июля до 1 сентября, по заочной и вечерней с 20 июля до 1 октября, вступительные испытания проводятся в виде собеседования.

Для поступления в колледж необходимо представить в приемную комиссию следующие документы:

1.Заявление абитуриента на имя директора.

2.Документ об образовании.

3.Фотокарточки 3х4 - 6 шт.

4.Копия и оригинал паспорта

5.Медицинская справка форма № 086.

6.СНИЛС.

**Адрес приемной комиссии:** г. Махачкала, пр.И.Шамиля, 37 гостиница «Спорт», 1 этаж, каб. № 9 (напротив кинотеатра «Россия»)

Телефоны приемной комиссии: 8(8722) 61-00- 99; 8(928) 243- 02-79; 8(928) 534-17-57; 8(928) 060- 02- 02; e-maiUgmcOS@mail.ru время работы приемной комиссии: ежедневно с 10:00 до 17:00 час.

Приглашаем на очную форму обучения по следующим специальностям:

1.«Программирование в компьютерных системах

2. «Сестринское дело»

Экономико - правовое отделение:

1.«Экономика и бухгалтерский учет»

2. «Право и организация социального обеспечения»

**Педагогическое отделение:**

1.«Дошкольное образование»

2. «Физическая культура»

Выпускникам колледжа выдается диплом государственного образца

3.«Программирование в компьютерных системах»

Срок по заочной и вечерней форме обучения по всем специальностям увеличивается на 1 год. Оплату за учебу талантливых и одаренных детей берет на себя администрация колледжа и ЧОУ«ГМК» созданы автошкола «мастер класс», и учебный центр «профи», который проводит профподготовку и переподготовку по направлениям:

«Младшая медсестра по уходу за больными»;

трех месячные курсы Оплата - 30 тыс. руб;

«Патронажные сестры» - месячные курсы Оплата -10 тыс. руб.

По окончании младшим медсестрам выдается диплом, а патронажным сестрам удостоверение.

Переподготовка и повышение квалификации бухгалтеров для соответствия профстандарту и специалистов по программе курса «1 С: Бухгалтерия»- месячные курсы, оплата -15 тыс. руб.

**Адрес учебного корпуса: г. Махачкала, пр. Насрутдинова, 80Б (рядом с торговым центром «Апельсин»)**

СОЦИАЛКА

# Единовременная денежная выплата на детей, поступающим в первый класс, из малоимущих многодетных семей, проживающих в Республике Дагестан

**Единовременная денежная выплата осуществляется малоимущим многодетным семьям, размер среднедушевого дохода которых не превышает величины прожиточного минимума Установленного в Республике Дагестан (на 30.05.2017 год составляет - 9278 рублей.)**

Размер единовременной денежной выплаты на ребенка, поступающего в первый класс, из малоимущей многодетной семьи составляет 2000 рублей.

Уважаемые родители будущих первоклассников этого учебного года. В целях своевременного назначения и осуществления единовременной денежной выплаты на ребенка, поступающего в первый класс, из малоимущих многодетных семей нашего района, Вам нужно обратиться в Управление социальной защиты населения в МО «Гумбетовский район» желательно до 20 ноября 2017 года.

Перечень необходимых документов для назначения и выплаты единовременной денежной выплаты на детей, поступающих в первый класс из малоимущей многодетной семьи.

-Заявление с указанием сведений о доходах семьи.

- Копии свидетельство о рождении ребенка.

- Справка с места жительства ребенка о совместном его проживании с родителем.

- Справка органа социальной защиты населения по месту жительства другого родителя о неполучении единовременной денежной выплаты на ребенка.

- Справка органа образования о приеме документов на зачисление ребенка в первый класс.

- Копии паспортов и иных документов, удостоверяющих личность родителей ребенка.

- Документы о трудовой деятельности (выписка и трудовой книжки о последней места работы), справка с места роботы о заработной платы за три месяца до обращения.

-Справка о составе семьи на имя ребенка.

- СНИЛС обоих родителей.

- Справка с пенсионного фонда.

- Справка с налоговой инспекции.

- Справка с безработного.

**Отдел пособий УСЗН**

БетІерав редактор ХІамзат ГІизудинов телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал: ГІайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул кватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.